



## Ou te rate delè aplikasyon kindergarten lan? Ajoute pitit ou a sou lisdatant jodi a!

Chè fanmi,

Si w te rate delè pou aplike pou kindergarten lan, ou ka toujou patisipe nan admisyon yo si w ajoute pitit ou a sou lisdatant pwogram yo! Fason ki pi rapid la pou fè sa a se sou entènèt avèk [MySchools](#)—aprann kòman nan videyo “[Kijan pou ajoute pitit ou a sou lisdatant](#)” nou an. Tanpri sonje ou pa kapab aplike nan pwogram G&T kindergarten ankò ni ajoute pitit ou a nan lisdatant kindergarten G&T.

**Ou poko gen yon kont MySchools?** Li fasil pou kreye youn—aprann nan videyo nou an “[Kòman pou kreye yon kont MySchools](#)”.

**Tanpri sonje:** Si w te aplike nan delè a, ou fini! Pa gen anyen ankò ou bezwen pou fè—pitit ou a pral resevwa yon òf kindergarten nan prentan an.

**Èske w gen kesyon sou admisyon nan kindergarten oswa ou bezwen sipò?** Gen plis enfòmasyon sou [sitwèb nou an](#), rele nou nan 718-935-2009, oswa ale nan yon [Sant Byenveni pou Fanmi](#) (Family Welcome Center, FWC).

Bon siksè,  
Ekip pou admisyon nan lekòl primè

**Èske se yon zanmi ki te voye imèl sa a ba w?** Asire w [mete non w](#) sou lis pou resevwa imèl sou admisyon nan kindergarten.

**Si w pa vle resevwa imèl ankò** nan youn oswa nenpòt lis imèl nou yo, tanpri klike [la a](#) pou retire non w.